



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## Diskou enstalasyon Nouvo Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen, Rogéda Dorcé Dorcil

**Madam Minis Lakilti ak Kominikasyon;**

**Mesye Rektè Inivèsite Leta Ayiti;**

**Kòlèg Akademisyen kreyòl ayisyen;**

**Anplwaye Akademi Kreyòl;**

**Manm diferan medya.**

Kite m prese di nou se ak yon lespri kè kontan, yon santiman fyète san limit, mwen prezan devan nou jodi vandredi 24 fevriye 2023 a, nan kad seremoni enstalasyon nouvo Konsèy administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen, kote se mwen menm kòlèg Akademisyen yo chwazi pou kontinye kenbe manèt la kòm prezidan enstitisyon an pou yon dire 2 lane. Se yon fonksyon m ap okipe avèk anpil onè, avèk sitou anpil imilite ak volonte pou bay rezilta konkrè. Lè nou chita sou dimansyon misyon Konstitisyon 1987 la konfyè Akademi Kreyòl Ayisyen ki dwe avanse san pran souf nan travay pou lang kreyòl la non sèlman kontinye pran plas li kòm sadwa nan tout konpatiman lavi sosyete a, men tou pou peyi Ayiti kontinye kenbe flanbo lidèchip kreyolofoni an nan rejyon Karayib la ak nan rèz monn nan. Travay pou lang kreyòl la vanse nan kraze baryè tout limit, reyèl ou imajinè, se alafwa yon obligasyon istorik e patriyotik pou chak Ayisyen ak enstitisyon Leta tankou prive.

Jodi a, mwen alatèt yon Konsèy administrasyon ki gen ladan li 7 manm. Nou tout anime ak yon detèminasyon san fay pou konbine enèji nou ak eksperyans nou nan pwofi bon fonksyonman



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Akademi an ak devlopman lang kreyòl ayisyen an. Konsa, djakout nou plen rèv, plen pwojè, plen lide... Genyen dezyèm Rezolisyon sou òtograf kreyòl ayisyen an nou dwe pibliye anvan lontan; Lansman Pri literè pou ensite plis moun pwodui nan lang lan epi rekonpanse bon jan travay literè ak syantifik ki fèt an kreyòl. Nou gen pou n inisye bon jan aksyon patenarya ak kolaborasyon pou pèmèt Akademi an trè prezan nan rejyon Karayib la; Kreye plis plas pou pèmèt konpatriyòt nou yo ki epapiye toupatou nan monn lan pote kontribisyon pa yo nan jefò k ap fèt chak jou pou lang kreyòl nou an kontinye blayi kò li tout kote, san fòskote. Nou gen pou nou chèche tanmen tou kolaborasyon ak patenarya avèk reprezantasyon diplomatik peyi Ayiti genyen toupatou nan mond lan, nan demach pou valorize ak fè pwomosyon lang ak literati kreyòl ayisyen an. San bliye pwojè piblikasyon diksyonè tèminolojik jiridik ki la ki nan kouti.

Mezanmi, ajannda nou plen yon pakèt bèl pwojè, men sitiyasyon malouk peyi a ap viv depi kèk tan anpeche nou vanse, men nou p ap abandone. Nou pran angajman pou nou kontinye kore devlopman syantifik lang kreyòl ayisyen an. Nan sans sa, n ap bezwen sipò tout Ayisyen ak tout enstitisyon alawonnbadè: ekriven, powèt, atis, entèlèktyèl; yo tout konsène nan gwo konbit sa a Akademi Kreyòl Ayisyen an ap mennen.

Akademi Kreyòl Ayisyen konte, nan tèt kole ak Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, mete an plas yon pwogram akonpayman espesyal anndan lekòl yo ki pou bay elèv yo bon jan zouti k ap ka ede yo pi byen devlope refleksyon yo epi pou yo genyen plis kapasite



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



apresye lang kreyòl la, ki se lang manman chak Ayisyen. Akademi Kreyòl Ayisyen mize anpil sou lajenès ki se avni lang lan nan tout domèn.

Jodi a, kòm nou kapab remake l, pa sèlman moman Akademi Kreyòl Ayisyen chwazi pou enstale nouvo Konsèy ki pwal gen pou pran rèn enstitisyon an pou yon manda 2 lane. Se egalman okazyon kote enstitisyon an ouvri pòt nouvo lokal li a debatan pou li resevwa etidyan, elèv lekòl, pwofesyonèl, jounalis, ekriven, atis nan yon anbyans konvivyal ak pataj, kote yo kapab pwofite vizite diferan espas biwo a, tankou Sal dokimantasyon Yves Dejean ki rich ak liv nan plizyè domèn lakonesans tankou: literati, relijyon, matematik, filozofi, edikasyon, lengistik, soyoloji, pou n site sa yo sèlman.

Mezanmi, pandan n ap remèsye nou tout ki prezan jodi a nan seremoni enstalasyon nouvo Konsèy administrasyon ki dezòmè pran tèt Akademi Kreyòl Ayisyen an, n ap raple nou yon lòt fwa ankò Akademi an bezwen sipò nou tout, lang kreyòl la bezwen nou tout, pit kou mawon, zannana kon penpwen. Lang nou se nanm nou! **Lang nou manman nou, idantite nou!**